



## Fèy Enfòmasyon sou Risk pou Respire Lafimen Lòt Moun

Lafimen lòt moun oswa ayewosòl (vapè ki soti nan pwodui ki nan sigarèt elektwonik yo) se yon bagay ki danjere, kèlkeswa sibstans moun nan ap fimen an oswa itilize nan sigarèt elektwonik lan.

- Lafimen tabak oswa kanabis (marigwana) lòt moun nan voye deyò a genyen ladan l goudwon ak pwodui chimik ki bay kansè.
  - Lafimen tabak ka soti nan sigarèt, siga, sigariyo, pip oswa chicha.
  - Lafimen kanabis ka soti nan jwen, pip oswa bong.
- Ayewosòl ki soti nan pwodui nikotin oswa kanabis yo fimen nan sigarèt elektwonik yo genyen pwodui chimik ki danjere ladan yo tou.
- Tout lafimen lòt moun ak ayewosòl kapab diminye kalite lè a, agrave opresyon an, epi lakoz pwoblèm nan poumon tankou tous ak bwonchit.
  - Epitou, lafimen tabak lòt moun kapab lakoz maladi kè, kansè poumon ak estwòk.
  - Kay timoun, lafimen tabak lòt moun kapab lakoz sendwòm lanmò sibat kay tibebe (sudden infant death syndrome, SIDS) tou epi li ap fè yo gen enfeksyon nan zòrèy ak enfeksyon respiratwa pi souvan.
  - Yo poko konnen risk alontèm ayewosòl ki soti nan sigarèt elektwonik ak lafimen kanabis lòt moun genyen, men lafimen kanabis kapab diminye kalite lè a plis pase lafimen tabak.

**Si ou fimen oswa itilize sigarèt elektwonik, pwoteje moun ki ozalantou w yo.**

- Evite fimen oswa itilize sigarèt elektwonik deyò oswa bòkote lòt moun ki p ap ni fimen ni itilize sigarèt elektwonik.
- Pa ni fimen ni itilize sigarèt elektwonik lakay ou pou w ka pwoteje sila yo k ap viv avèk ou, tankou timoun ak bèt kay yo.
  - Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason lafimen ak ayewosòl ki soti nan sigarèt elektwonik kapab afekte bèt kay yo, ale nan lyen sa a [on.nyc.gov/3AbSdqy](https://on.nyc.gov/3AbSdqy).
- Si ou fimen oswa itilize sigarèt elektwonik anndan kay, toujou louvri pòt ak fenèt yo pou w fè lè deyò ki fre epi pwòp la antre anndan kay la. Epitou, filtè lè ak aparèy pòtab pou pirifye lè yo kapab ede w amelyore kalite lè a ansanm avèk vantilasyon.
- Elimine objè ki ka danjere pou pitit oswa bèt kay ou yo:
  - Konsève pwodui tabak ak pwodui sigarèt elektwonik yo yon kote pou timoun ak bèt kay pa ka jwenn yo.
  - Jete pwodui tabak ak pwodui sigarèt elektwonik yo kote timoun oswa bèt kay pa ka jwenn yo.
  - Si ou sispèk pitit oswa bèt kay ou a te konsome oswa vale pwodui tabak oswa pwodui kanabis pa aksidan, rele nan 212-764-7667 lapoula.

**Yo entèdi moun fimèn ak itilize sigarèt elektwonik nan pifò espas travay ak espas piblik pou yo ka pwoteje moun kont kontak ak lafimen lòt moun.**

- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou lwa sou anviwònman kote moun pa fimèn nan Vil New York, ale nan lyen sa a [nyc.gov/health/tobaccocontrol](https://nyc.gov/health/tobaccocontrol).
- Yo entèdi moun fimèn ak itilize sigarèt elektwonik nan espas moun itilize souvan anndan nan bilding rezidansyèl ki gen twa (3) oswa plis apatman yo.
  - Lokatè k ap viv nan bilding rezidansyèl ki gen twa (3) oswa plis apatman yo kapab mande pwopriyetè bilding yo a entèdi moun fimèn nan tout bilding nan.
  - Pou w konnen plis bagay sou politik ki gen pou wè ak fimèn epi itilizasyon sigarèt elektwonik nan bilding rezidansyèl yo, ale nan lyen sa a [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche "[smoke-free housing](#)" (lojman ki entèdi moun fimèn).
- Si ou an kontak ak lafimen lòt moun pandan w nan travay, nan yon antrepriz oswa nan yon evènman, mete responsab la oswa sekirite a okouran.
- Ou kapab siyale yon pwoblèm fimèn lè w rele **311** oswa lè w ale nan lyen sa a [portal.311.nyc.gov/report-problems](https://portal.311.nyc.gov/report-problems).

**Gen èd ki disponib pou moun ki konsome tabak, nikotin, kanabis oswa lòt sibstans.**

- Si ou fimèn sigarèt oswa pwodui nikotin nan sigarèt elektwonik, gen èd ki disponib pou ou kit ou vle diminye, kite, oswa jis evite fimèn oswa itilize sigarèt elektwonik. Pou w jwenn resous ki pou ede w atenn objektif ou yo, ale sou [nyc.gov/nycquits](https://nyc.gov/nycquits).
  - Pou w jwenn enfòmasyon ak resous espesifik sou nikotin sigarèt elektwonik, ale nan lyen sa a [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche "[e-cigarettes](#)" (sigarèt elektwonik).
- Men sa moun k ap lite avèk konsomasyon kanabis oswa konsomasyon lòt sibstans yo kapab fè:
  - Yo kapab rele oswa voye mesaj tèks nan 988 oswa tchat nan lyen sa a [nyc.gov/988](https://nyc.gov/988).
  - Yo kapab rele liy èd Administrasyon Sèvis Abi Sibstans ak Sante Mantal (Substance Abuse and Mental Health Services Administration) nan 800-662-4357.